



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedyat: 5 out 2012

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE YON KOKENNCHENN AKIZISYON 69.000 AK TÈ ANSYEN TEREN
FINCH PRUYN NAN ADIRONDACK PARK**

Akizisyon am reprezante Pi Gwo Adisyon nan Konsèvasyon Forè Eta a nan 117 Ane

Prevwa Posibilite ki Enpòtan ak Inik ak Ogmantasyon Aktivite Ekonomik

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse Eta a achte 69.000 ak teren ansyen Finch Pruyin ak lòt teren Nature Conservancy toupatou nan Adirondacks. Akizisyon sa a se pi gwo adisyon senp nan Adirondack State Forest Preserve nan plis pase yon syèk.

Gouvènè Cuomo di konsa, “Adisyon pwopriyete sa yo sou Forest Preserve ap pwoteje resous natirèl enkonparab ak enpòtan reyon sa a, epitou l ap pwoteje yon pòsyon enpòtan liy separasyon Upper Hudson River. Akò jodi a ap fè Adirondack Park vin youn nan kote k ap pi atiran pou moun k ap rame yo, moun k ap pwomennen yo, chasè yo, moun k ap fè espò, ak moun ki sou motonèj yo. Ouvèti teren sa yo pou piblik la itilize ak jwi pou premye fwa nan 150 ane ap bay nouvo posibilite ki ekstrawòdinè pou lwazi deyò, sa pa ogmante kantite vizitè yo nan North Country, epitou sa ap kreye revni siplemantè nan touris.”

Manm Komisyon DEC (Department of Environmental Conservation), Joe Martens, di konsa, “Avni Adirondack Park depannde dlo ak lè pwòp, anpil forè, rivyè, koura dlo, marekaj, espas natirèl ak sèn espektak. Avni li asosye tou avèk mwayen kominote yo ak sitwayen yon pou yo fè efò, epitou akò jodi a ap prevwa kontinyasyon lansman Pak la, kominote ak sitwayen li yo. DEC ap travay avèk kominote North Country, moun k ap fè espò ak gwoup k ap sipòte anviwònman an pou kontinye yon apwòch ekilibre pou jere teren sa yo.”

Akizisyon sa a ajoute sou akizisyon 89.000 ak tè ki te fèt nan ane 2010 la nan dwa pasaj konsèvasyon yo sou ansyen teren Finch Pruyin ki pwoteje forè fonksyonèl nan kominote ki toupatou nan North Country. Ansanm, teren sa yo ap prevwa tou reyalizasyon koneksyon enpòtan ant kominote lokal ki nan sistèm santye motonèj, pou ofri kat (4) sezon posibilite pou touris, k ap nan avantaj biznis lokal yo.

Haitian Creole

Nan ane 2007, Nature Conservancy (TNC) te achte tout 161.000 ak tè pwopriyete a nan Finch Pruyn. TNC t ap jere pòsyon 65.000 ak tè ki pa nan dwa pasaj la, ak 4.000 ak tè lòt pwopriyete tè avèk entansyon pou asire pwoteksyon yo. Anba akò Eta a ak The Nature Conservancy te jwenn jodi a, y ap vann pwopriyete a ba Eta a nan yon kontra senkan ki repati apati ane sa a. Avèk lajan ki afekte pou objektif sa yo nan Lajan Pwoteksyon Anviwònman (Environmental Protection Fund) an, Eta a ap peye yon total \$49,8 milyon dola pou pwopriyete a sou senkan avèk \$13 milyon dola ki dwe peye nan ane fiskal sa a. Y ap peye balans lajan an nan chak ane fiskal jouk nan ane fiskal 2016-17. Eta a ap peye tout pwopriyete lokal la ak taks lekòl yo sou teren an.

Posibilite pou Anviwònman, Lwazi ak Devlopman Ekonomik

Akò sa a ap bay anpil posibilite pou premye lachas, lapèch, pwomnad, kan, monte bisiklèt sou mòn, ak eski nan peyi a pou anpil kalite itilizatè lwazi nan yon manyè ki jwenn sipò kominote lokal yo. Aksè piblik nan teren sa yo ap atire vizitè nan sant popilasyon yo ki depannde posibilite touris pandan tout ane a.

Anpil posibilite ap louvri sou kèk etandi rivyè ak letan ak lak nèf nan pati lè Etazini.

Answit, akò sa a ap prevwa kreyasyon yon koneksyon santye motonèj ant Newcomb ak North Hudson, pou fini yon koneksyon enpòtan pou rezo motonèj yo nan lwès jiska Long Lake ak Indian Lake, ak pati lès la pou rive nan kominote Lake Champlain. Nouvo konektè kominote motonèj gratis sa yo enpòtan pou ekonomi Adirondacks nan sezon livè.

Tout sipèfisi 69.000 ak tè a ap vin fè pati Forest Preserve ki “sovaj pou toutan”. Lè pwopriyete yo vin pou eta a, Eta a ap devlope plan lwazi yo, epi l ap detèmine klasman teren yo pou ankouraje aksè piblik la ak itilizasyon pwopriyete yo pandan l ap pwoteje kokennchenn valè resous natirèl yo tou.

Ajans Adirondack Park Agency ap travay avèk DEC pou pwopoze klasman itilizasyon teren an anba Plan Etat Direktè Teren Adirondack Park. Paske se Eta a ki achte pwopriyete yo, DEC ap travay avèk gouvènman lokal yo ak moun ki konsène pou Pak la pou louvri teren sa yo pou piblik la itilize. Yo prevwa yo pral klase plis zòn andedan ki lwen pou aktivite andeyò apwopriye kò Espas Natirèl pandan y ap klase plis zòn aksesib ki apwopriye pou nivo siperyè itilizasyon piblik la, tankou aksè sou motonèj ak veyikil kòm Forè Sovaj. Y ap òganize odyans piblik yo nan klasman pwovizwa yo anvan yo voye yo ba Gouvènè a pou li apwouve. Depi Gouvènè a apwouve klasman yo, DEC ap devlope Plan Jesyon Inite k ap amelyore ekonomi lokal yo avèk plis touris. Y ap bay yon peryòd pou piblik la fè kòmantè pou chak Plan Jesyon Inite UMP.

Epitou, nan akòz jeneral la, yo te vann plizyè milye ak teren ba kominote tankou Indian Lake ak Newcomb pou posiblite devlopman ekonomik pidevan. Pa egzanp, Vilaj Newcomb te achte pasèl teren pou fini teren gòf li, epi pou kreye fason pou devlopman ekonomik pidevan ansanm avèk koulwa prensipal pou vwayaj nan vilaj la. Menm jan tou, Vilaj Indian Lake te achte yon pwopriyete tou pou posiblite devlopman ekonomik pidevan, tankou pètèt yon nouvo forè kominotè.

Patikilarite Teren an

Ansyen teren Finch gen ladan kèk nan resous ki pi enpòtan pou lwazi ak anviwònman nan Adirondack Park k ap louvri pou piblik la itilize pou premye fwa nan plis pase 150 ane. Teren yo genyen yon gwo varyete mòn, falèz, lak sovaj, letan, marè, marekaj, forè ki gen alivyon, ak rivyè dlo ki plat ak blan. Pasèl yo genyen gwo abita pou mamifè, tankou orignal, lenks wou ak lous nwa, ak abita dlo pou twit mouchte, wananich, ak ti achigan gwo bouch.

Pwopriyete teren 69.000 ak la gen ladan anpil rivyè ak kouran dlo sou yon distans 180 mil, 175 lak ak letan, litoral ki sou yon distans 465 mil ki pa devlope toutolon rivyè y, kouran dlo, lak ak letan, sis (6) mòn ki pi wo pase 2.000 pye ak anpil ti mòn ki pi piti. Li gen ladan tou 5 pousan liy separasyon Upper Hudson River. Antou, ansyen pwopriyete Finch ki gen yon sipèfisi 161.000 ak reprezante 12 pousan liy separasyon Upper Hudson.

Pifò teren sa yo konsantre nan rejyon santral lak ak touris Adirondack Park ki nan vilaj Newcomb, Indian Lake, North Hudson ak Minerva. Pasèl enpòtan ki sou lis pou akizasyon yo nan frè nan gen ladan Essex Chain of Lakes, ki prezante Hudson River ak Boreas Ponds, MacIntyre Tract, OK Slip Falls, ansanm avèk pati Hudson Gorge, ak plizyè pyès ki pi piti toupatou nan pòsyon sidès Pak la.

Y ap bay posiblite yo pou moun ki pòtan ak pou moun ki bezwen aksè inivèsèl.

Resous inik sa yo gen ladan:

- Essex Chain of Lakes ak Hudson River: Avèk 11 lak ak letan ki konekte youn ak lòt oswa nan distans youn ak lòt kote ki pa ka navige, Essex Chain ap bay yon wout ki gen yon distans sèt (7) mil pou kannòt yo, ak yon eksperyans navigasyon nan kote ki fasil pou piblik k ap vwayaje a jwenn. Yon long istwa lapèch estokaj ki gen ladan twit mouchte ak wananich ap bay yon kokennchenn lapèch. Yon pwolongasyon ki sou yon distans 5 mil nan Hudson River pase toutolon pati lès Pasèl Essex Chain pou fini yon pwolongasyon rivyè a sou yon distans 20 mil nan longè san sispansyon, epi ki “toujou sovaj”. Rivyè a

bay yon premye posiblite pou rafting lajounen, monte kannòt, kayak, lapèch ak vwayaj nan rivyè pandan lannwit. Ansanm avèk zòn sa a ki gen ladan Cedar River, k ap koule nan pòsyon sid Essex Chain Tract, ak yon pòsyon Indian River ki popilè, yon nouvo Wild Rivers Area (zòn rivyè sovaj) ki gen ladan pwolongasyon ki pi sovaj yo epi ki pami pwolongasyon Hudson River ki pi atiran. Zòn kontinye pou prèske yon distans 15 mil anba Hudson Gorge, li pase OK Slip Falls, youn nan chit-dlo ki pi bèl nan Adirondack Park, ak pati yon pwopriyete ki mezire 2.800 ak y ap mete disponib pou piblik la pou pwomnad ak lòt aktivite deyò. Bèl pwolongasyon Hudson River sa a ap vin yon kote ki pi atiran pou vizitè k ap chèche eksperyans rivyè inik ak limite sa yo, pou mennen moun nan kominote Indian Lake, Blue Mountain Lake, Long Lake, Newcomb ak Minerva pou chèche lojman ak materyèl.

- Letan Boreas yo: Pwopriyete enteresan sa a ki gen yon sipèfisi 22.000 ak, ki nan Vilaj North Hudson epi ki gen fwontyè avèk High Peaks ak Dix Mountain Wilderness Areas (Dis Zòn Espas Natirèl Montay) toutolon nò fwontyè a epi ki aksesib nan lòt zòn lwazi piblik nan sid, gen ladan kòm poto-mitan li bèl Boreas Ponds, epi li bay anpil posiblite pou pwomnad, navigasyon, lachas, pyèj, kan, lapèch, eski andeyò, ak monte sou motonèj.
- McIntyre Tract: Pwopriyete estratejik sa a gen fwontyè avèk zòn Southern High Peaks. Akizasyon teren sa yo ap repara aksè istorik nan anpil kote popilè nan High Peaks, ansanm avèk Santanoni ak Panther Mountains, aksè pou pwomnad ant Newcomb Lake ak Lake Andrew, ak aksè nan Mount Allen ki nan Zòn Espas Natirèl High Peaks nan yon zòn estasyonman ak pwen kòmansman santye a nan katye Conservation Easement Lands. Li gen ladan tou yon gwo pòsyon bèl Opalescent River.
- Etandi Sid yo: Minisipalite lokal yo te idantifye kat (4) etandi sa yo ki nan konte Northern Saratoga ak Fulton kòm kote ki gen anpil enpòtans pou lwazi pou kominote yo. Thousand Acre Swamp Tract (Etandi Marekaj ki mezire Mil Ak) ki nan Edinburgh bay abita pou orignal epi li gen lòt espas natirèl, epitou l ap bay yon santye konektè enpòtan pou motonèj ki konekte zòn nan avèk sistèm santye motonèj Mulleyville. Santye yo pwopoze pou plizyè itilizasyon sou Pennyork Lumber Tract ak Daniels Road Tract, ki nan Greenfield, ap ede Konte Saratoga fini Palmertown Range Trail yo pwopoze a, epi l ap konekte Moreau Lake State Park avèk Saratoga State Park. Benson Road Tract ki gen yon sipèfisi 3.800 ak nan Mayfield ap bay posiblite pou de (2) santye konektè motonèj, aksè nan lapèch pou Stony Creek, ak yon rezo santye pou plizyè itilizasyon, sof pou veyikil ki gen motè.

Fè Akizasyon Ansyen Pwopriyete Finch yo

Akò Gouvènè Cuomo jwenn jodi a se faz siyati yon pwojè de (2) faz avèk Eta a sou yon sipèfisi 161.000 ak ansyen teren Finch, kite jwenn apwobasyon 27 kominote ki nan Adirondack.

Nan premye faz la, DEC te fè dwa pasaj pou konsèvasyon yon forè fonksyonèl ki mezire 89.000 ak sou yon lòt pòsyon ansyen teren Finch Pruyn, ki te garanti yon kantite bwa konstwiksyon alontèm pou izin papye Finch nan Glens Falls, epi li te kenbe pifò teren bwa konstwiksyon pwodiktif sou pwopriyete a nan jesyon aktif forè a, pou anplwaye antreprenè lokal ak sou wòl taks lokal. Izin ki nan Glens Falls anplwaye plis pase 700 moun.

Investisman Eta a nan avni Adirondacks gen ladan kreyasyon Adirondack Forest Preserve ak Park nan 19yèm syèk la, pwomosyon lwazi deyò ak Jwèt Olenpik, ak kreyasyon Olympic Regional Development Authority nan 20yèm syèk la pou pran avantaj nan espas olenpik yo ak nan kokennchenn resous lwazi deyò ki asosye avèk sèn yo rekonèt sou plan mondyal. Akò jodi a ajoute yon lòt chapit nan eritaj aktivite deyò nan Adirondacks, epi li pwomèt pou fè kominote yo ki nan pati santral Adirondacks vin yon atraksyon pou aktivite deyò, tankou moun k ap pwomennen, chasè, moun ki sou motonèj ak moun ki renmen lanati.

Bill Ulfelder, Direktè Egzekitif The Nature Conservancy nan New York, di konsa, “The Nature Conservancy fyè pou travay avèk Eta New York anba kalite dirijan Gouvènè Andrew Cuomo ak Manm Komisyon Joe Martens epitou pou selebre yon pwojè konsèvasyon istorik ki enpòtan konsa. Konsèvasyon teren ak dlo enpòtan sa yo nan Forest Preserve leta posede a ap fè kèk pi bèl kote nan Adirondacks louvri pou piblik la pou premye fwa nan 150 ane. New York ap fè plis pase konsèvasyon teren ak dlo, l ap investi nan lwazi ak ekonomi touris ki trè enpòtan pou North Country ak avni li.”

Prezidan Ajans Adirondack Park Agency (APA), Leilani Ulrich, di konsa, “Anons jodi a ap ede konsève kèk nan resous natirèl ki pi enpòtan ak espas ki nan Adirondacks pandan l ap pwomèt moun Adirondacks tou yo pral kapab itilize teren sa yo ak ede jwenn avantaj ekonomik nan plis itilizasyon piblik yo. APA ap travay anpil avèk DEC pou asire aksè ak klasman Manm Komisyon Martens ak ekip li a sijere yo jwenn ratifikasyon APA ak apwobasyon Gouvènè Cuomo. Nou rekonèt lè yo pran mezi pou pwoteje anviwònman Pak la, efò yo bezwen konsantre tou sou amelyorasyon kominote yo ki nan Pak la. Klasman yo ap montre posiblite pou sipòte ekonomi rejyonal la.”

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418